

Kenbe Sant Vil York Bèl: Responsabilite Pou Antretyen Pwopriyetè

Apèsi

Sant vil Inc te kreye gid sa pou ede pwopriyetè ki posede byen yo konprann responsabilite pou kenbe yo an sekirite, pwòp, ak espas vivan nan sant vil York. Resous sa souliyen obligasyon kle yo, soti nan pran swen twotwa yo rive nan antretyen bilding yo, epi asire ke kominote nou an rete akeyan pou biznis, rezidasns, ak vizitè epi lòt moun yo.

Twotwa ak Pasrèl yo	Jesyon Fatra ak Dechè
<ul style="list-style-type: none">• Pwòpte: kenbe twotwa yo pwòp e san fatra, debri fèy bwa, ak nèj/ glas pandan sezon fredi. Yo sipoze retire nèj/glas yo 24 èd tan aprè li fin tonbe• Sekirite: Adrese pwoblèm ki genyen tankou<ul style="list-style-type: none">• fisiraj, kote ki pa gen menm wotè yo, ak alsfat ki lach pou anpeche aksidan fèt• Aksyon ki entèdi: yo pa pèmèt okenn moun kraze oswa andomaje twotwa yo.	<ul style="list-style-type: none">• Depozisyon ki apwopriye: yo sipoze mete fatra yo nan sachè ki fèt pou sa epi byen mare yo epi itilize poubèl ki fèt pou sa pou fatra yo gaye• Jete ilegalman: yo pa otorize pou jete dechè oswa fatra nan espas piblik, ki enkli kanalizasyon tanpèt yo• Responsabilite: pwopriyetè kay yo dwe netwaye tout fatra ak dechè ki genyen sou twotwa ak espas komen yo.
Pyebwa yo, Amenajman teren, ak Vejetasyon	Ekleraj & Singalizasyon
<ul style="list-style-type: none">• Liy Direktif pou koupe: kenbe pyebwa yo a yon wotè ki depase 8 pye de twotwa yo ak 14 pye pi wo ke wout yo• Kontwòl zèb: retire zèb yo regilyèman nan pwi, sou twotwa ak akote pwopriyete yo.• Pyebwa ki swa mouri oubyen danjere: mèt pwopriyete yo dwe retire pyebwa ki swa mouri oubyen danjere yo osinon branch ki poze yon danje pou sekirite piblik la	<ul style="list-style-type: none">• Vizibilite: asire ke limyè ki deyò yo ap fonksyone epi an bon fonksyon pou ka bay vizibilite ak pèmèt sekirite.• Sekirite ak règ: tout pano yo dwe sekirize epi respekte règleman vil la konsènan wotè, plasman, ak aparans• Rapòte limyè ki pa fonksyone yo bay vil la. Asire ke w enkli nimewo poto a ak entèseksyon ki tou pre l la


Èske w te konnen ?

Ètanke yon pwopriyetè ki nan sant vil York la, ou responsab pou kenbe espas piblik yo tankou se te lakay ou, asire yon anviwònman sekirize, pwòp, epi akeyan pou tout moun.



Aplikasyon Iwa

Vil la ap notifiye pwopriyetè yo de vyolasyon yo epi bay yo tan pou yo ka fè koreksyon. Mank de konfòmite ka lakoz yon amann pou piti de \$100, penalite, ak prèv potansyèl.



HARB

Moun ki ap enstale pano yo dwe kontakte HARB pou ka konnen si yo nan distri HARB a epi jwenn apwobasyon anvan menm yo enstale pano sinyalizasyon yo. 717-849-7005



Sinyale Pwoblèm yo

Itilize sant repons Vil new york la nan yorkpa.portal.opengov.com.

An nou kenbe sant vil new york la dinamik epi akeyan pou tout moun! Pou plis detay, vizite yorkcity.org.

